WIKIPÉDIA

Basa Rumania

Basa Rumania utawa **Limba Română**, iku anak cabang paling wétan basa-basa Roman lan siji-sijiné cabang basa Latin kang diubengi déning basa-basa Slavia lan Hongaria.

Basa Rumeni	
	limba română
Asal	Rumeni, Moldavia, Serbia , Yunani, Bulgaria, Albania lan akèh nagara-nagara liyané
Laladan	Éropah Wétan
Panyatur asli	28 juta (*tanpa surya*)
Kulawarga basa	Indo-Éropah
Status resmi	
Basa resmi ing	Rumeni, Moldavia lan Serbia (Vojvodina)
Diatur déning	Academia Română
Kodhe basa	
ISO 639-1	`ro`
ISO 639-2	`rum (B) / rou (T)`
ISO 639-3	–

Basa iki dituturaké d'ening luwih kurang 30 yuta wong kang kasebar ing Rumania, Moldova, Ukraina, Hongaria, Bulgaria nganti Serbia.

Basa-basa Rumania iki kap'erang sajeroning sawatara cabang ya iku:

- Rumania baku (wewengkon Rumania lan Moldova
- Istro-Rumania (dituturaké ing ujung Istria, Kroasia)
- Macedo-Rumania (dituturaké ing kawasan Makedonia
- Arumania (dituturaké ing kawasan lor Yunani)

Isi

Fonologi

Basa Rumania duwé pitu vokal mawa swara: a /a/, e /e/, i /i/, o /o/, u /u/, ă /ə/, â, î /ɪ/ lan siji ora mawa swara ("i" ing posisi pungkasan). Basa Rumania Kuna duwé vokal tanpa swara tambahan manèh ("u" ing posisi pungkasan), nanging saiki wis ora dianggo manèh. Banjur ana uga papat semivokal lan rongpuluh konsonan.

Abjad Rumania

A, a (a); Ă, ă (ă); â (â din a); B, b (be); C, c (ce); D, d (de); E, e (e); F, f (fe / ef); G, g (ghe / ge); H, h (ha / haş); I, i (i); Î, î (î din i); J, j (je); K, k (ka de la kilogram); L, l (le / el); M, m (me / em); N, n (ne / en); O, o (o); P, p (pe); R, r, (re / er); S, s (se / es); Ş, ş (şe); T, t (te); Ţ, ţ (ţe); U, u (u); V, v (ve); X, x (ics); Z, z (ze /

zet).

Gugusan aksara

Aksara C lan G duwé cara pangucapan mligi yèn dikombinasi karo sawatara aksara liyan’e, mèmper karo basa Italia.

#	Gugusan	Uni	Conto
1	ge, gi	[j]	mèmper karo [Jerman] lan [jinak]
2	ghe, ghi	[g]	mèmper karo [gagap] lan [gugup]
3	ce, ci	[c]	mèmper karo [catur]
4	che, chi	[k]	mèmper karo [kaktus]

Diftong

ea, ia, oa, ua ie ai, ăi, âi, ei, ii, oi, ui io au, ău, âu, eu, iu, ou

Triftong

ioa, eai, iau, eau

Fonem /h/

Basa Rumania minangka siji-sijiné basa Roman kang ngletarèkaké fonem /h/. Dhialèk Norman basa Prancis uga nglestarèkaké fonem /h/. Sajeroning akèh dhialèk basa Spanyol mligi ing Amérika, /j/ dilafazaké minangka [h], nanging iki dudu kasus "palestarèn": fonem asliné ya iku /x/.

Uga delengen

- Garis Jireček

Pranala njaba



Èdhisi Romanian saka Wikipédia, bauwarna bébas